

WE ARE YOUR DOL



**Department
of Labor**

SIT ENTÈNÈT KOTE YO AFICHE TRAVAY KI BEZWEN MOUN POU ETA NEW YORK

Yon Resous pou Moun k ap Chèche Travay

KI SA SIT ENTÈNÈT KOTE YO AFICHE TRAVAY KI BEZWEN MOUN POU ETA NEW YORK LA YE?

Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk la se sous prensipal pou afiche travay ki bezwen moun. Li gen ladan plis pase 130,000 travay yo afiche ki kouvri yon gwo pati nan endistri yo.

Fè rechèch travay ki bezwen moun daprè.

- Sektè
- Tit Travay
- Mo kle
- Zòn

Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk la gen anpil enfòmasyon pou ede w jwenn travay ki koresponn egzakteman avè w la epi retounen travay. Nou gen konfyans kou w kòmanse sèvi avè l, ou pral jwenn rezilta pozitif.

Ale sou myjobs.ny.gov jodi a!

KISA K FÈ SIT ENTÈNÈT KOTE YO AFICHE TRAVAY KI BEZWEN MOUN POU ETA NOUYÒK LA DIFERAN PARAPÒ AK LÒT YO?

- Nou afiche travay k ap pran moun toutbon - pa gen fwod
- Pa gen okenn travay ki parèt de fwa oswa ki gen dat yo ki pase
- Chak grenn pami plizyè milye travay ki afiche yo reprezante yon travay ki disponib nan moman an e ki diferan.
- Nou verifye chak konpayi ki afiche travay sou sit nou an pou nou ka asire nou yo se yon konpayi ki legal.

KREYE YON KONT GRATIS SOU SIT ENTÈNÈT KOTE YO AFICHE TRAVAY KI BEZWEN MOUN POU ETA NOUYÒK LA

W ap ka pi byen pwofite avantaj ki gen nan Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk la si w kreye yon kont. Ou ka:

- Kreye, korije oswa mete CV w byen fasil
- Afiche CV sou Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk la; konpayi yo gade CV sa yo pou yo ka jwenn kandida ki kalifye pou fè travay yo genyen ki disponib yo.
- Anrejistre rechèch travay ou fè yo; Resewwa imel konsènan travay ki disponib yo afiche yo; Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk la pèmèt ou kreye yon ajan rechèch travay ki baze sou kritè rechèch ki koresponn avè w pèsònèlman an

LÒT RESOUS

Gen Sant Karyè atravè New York kote ou ka ale pou w jwenn plis sèvis gratis. Tankou:

- Èd pou chèche travay, tankou seyans pratik preparasyon pou entèvyou
- Èd pou mete moun nan yon travay, tankou fwa travay ak rekritman ak mete moun ki koresponn nan travay yo ka fè
- Evalyasyon konpetans
- Seyans preparasyon CV ak analiz CV
- Enfòmasyon sou mache travay
- Planifikasyon Karyè
- Èd pou fòmasyon
- Itilizasyon Sal Resous pou fè rechèch travay sou entènèt epi pou aplike sou entènèt pou opòtinite yo

Pou w jwenn Sant Karyè Nouyòk ki nan zòn ou rete a, ale sou sit entènèt nou an ki se www.labor.ny.gov oubyen rele **1-888-469-7365**.